ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МОЙНАҚ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ МЎЙНОҚ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№ 04/321 «30» апрель 2021 ж.й.

Мойнақ районы “Ҳәким-ата” аўыл пуқаралар жыйыны аймағынан жаңадан “Ҳәким-ата” ҳәм “Қызылжар” аўыл пуқаралар жыйынларын шөлкемлестириў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының “Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында”ғы Нызамының 6-статьясына, Өзбекстан Республикасының 2011-жыл 12-октябрь күнги “Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында”ғы 303-санлы Нызамына, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2014-жыл 14-март күнги “Қалалар, посёлкалар ҳәм аўыллардың мәкан пуқаралар жыйынларын дүзиў, бирлестириў, бөлиў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ, олардың шегараларын белгилеў ҳәм өзгертиў, оларға атама бериў ҳәм олардың атамасын өзгертиў тәртиби туўралы Режени тастыйықлаў ҳаққында”ғы 271-санлы қарарына тийкарланып ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 3-февраль күнги 02-100-санлы келисим хаты ҳәмде Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң 30-апрель күнги 111/26-06-санлы шешиминиң орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 3-февраль күнги 02-100-санлы келисим хаты ҳәмде Халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң 30-апрель күнги 111/26-06-санлы шешиминиң орынланыўын тәмийинлеў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жаңадан шөлкемлестирилиўи режелестирилип атырған аўыл пуқаралар жыйынларына “Ҳәким-ата” ҳәм “Қызылжар” атамасын бериў усынысы мақуллансын ҳәм “Ҳәким-ата” аўыл пуқаралар жыйыны аймағын бөлген ҳалда жаңадан “Ҳәким-ата” ҳәм “Қызылжар” аўыл пуқаралар жыйынлары шөлкемлестирилсин.

3. Жаңадан шөлкемлестирилип атырған “Ҳәким-ата” ҳәм “Қызылжар” аўыл пуқаралар жыйынларының аймақлары, шегаралары сәўлелендирилген ҳәм тәрийпленген сызылмасы **қосымшаға** муўапық тастыйықлансын.

4. Районлық статистика бөлими (Ж.Алламбергенов)не, районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (М.Достанов)на ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жер дүзиў ҳәм көшпес мүлик кадастры мәмлекетлик карханасы районлық филиалы (Ю.Отегенов)на жаңадан шөлкемлестирилген географиялық объектлерди қайта дизимнен өткериў ўазыйпасы жүкленсин.

5. Районлық ишки ислер бөлими (А.Отегенов)не атамалары өзгерген орынлардағы халықтың паспортларына тийисли өзгертиўлер киритиў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Қарақалпақстан Республикасы Жер дүзиў ҳәм көшпес мүлик кадастры мәмлекетлик карханасы районлық филиалы (Ю.Отегенов)на Өзбекстан Республикасы Жер ресурслары, геодезия, картография ҳәм мәмлекетлик кадастры мәмлекетлик комитетине Географиялық объектлердиң атамаларының мәмлекетлик реестрине киргизиў ушын жаңадан шөлкемлестирилген географиялық объектлер бойынша тийисли ҳүжжетлерди жибериў тапсырылсын.

7. Районлық Қаржы бөлими (Р.Бердимуратов) не жаңадан шөлкемлестирилип атырған “Ҳәким ата” ҳәм “Қызылжар” аўыл пуқаралар жыйыны ушын смета қарежетлерин тийисли тәртипте дизимнен өткериў ҳәм белгиленген тәртипте зәрүр қәрежетлер менен тәмийинлеў тапсырылсын.

8. Район ҳәкиминиң мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап қуўатлаў бойынша орынбасары (А.Сахиев) на жаңадан дүзилип атырған аўыл пуқаралар жыйынларын белгиленген норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер менен тәмийинлеў;

шөлкемлестирилип атырған аўыл пуқаралар жыйынын белгиленген штат кестелери тийкарында маман қәнигелер менен тәмийинлеў;

тийисли тәртипте аўыл пуқаралар жыйыны ақсақалларын сайлаў ушын шөлкемлестириў илажларын көрсин.


9. Район ҳәкимлиги баспа сөз хызмети ҳәм «Арал балықшысы» газетасы редакциясы (Д.Аблаева) на усы шешимди ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырыў ҳәм районлық «Арал балықшысы» газетасында рәсмий жәриялаў тапсырылсын.

10. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

11. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап қуўатлаў бойынша орынбасары А.Сахиевқа жүкленсин.

Мойнақ районы ҳәкими **Е.Еденбаев**

Мойнак районына караслы Хаким-ата ауыл пукаралар жыйыны
КАРТАСЫ




Шартли белгилери	
	"Хаким-ата" АПЖ шегарасы

Мойнак районы жер ресурслары хам мамлекетлик кадастр болими баслыгы П.Жиемуратов

Мойнак районы курылыс болим баслыгы К.Батырбаев

КР "Жермулккадастр" МК Мойнак районы филиалы баслыгы Ю.Отегенов

Мойнак районына караслы Хаким-ата ауыл пукаралар жыйыны
КАРТАСЫ



Шартли белгилери	
	Жанадан шолкемлестирилип атырган "Хаким-ата" АПЖ картасы.
	"Кызыл жар" атамасы берилиуи режелестирилип атырган АПЖ картасы.

Мойнак районы жер ресурслары хам мамлекетлик кадастр болими баслыгы П.Жиемуратов

Мойнак районы курылыс болим баслыгы К.Батырбаев

КР "Жермулккадастр" МК Мойнак районы филиалы баслыгы Ю.Отегенов